

Direktiv sou Akomodasyon pou Travayè yo

Selon Òdonans 13 desanm 2021 Komisè Sante a, yo egzije pou espas travay yo ekskli pèsònèl ki pa vaksinen yo e ki pa satisfè kritè pou eksepsyon Òdonans lan elabore yo pa pi ta pase 27 desanm 2021.

Konfòmman ak Seksyon 6 nan òdonans sa a, travayè yo ka aplike pou yon Akomodasyon Rezonab pou yo egzante yo de obligasyon sa a. Yo ka akòde akomodasyon rezonab yo pou rezon relijye ak pou rezon medikal ki dokimante (ki gen ladan rezon medikal dokimante ki gen pou wè ak gwosès).

Nan kèk ka li ka apwopriye pou bay yon pwolongasyon tou kout sou delè vaksinasyon an pou yon moun ki viktim vyolans domestik, deli seksyèl oswa asèlman. Yo dwe jistifye yon demann pou akomodasyon rezonab sou baz sa a avèk dokiman jistifikatif ke yon travayè sosyal, yon manm klèje oswa yon lòt pwofesyonèl ki kapab konfime estati travayè a antanke yon viktim, bay.

Patwon yo ka refize akomodasyon ki enpoze yo yon gwo chaj sou yo. Direktiv Komisyon sou Opòtinite Egal nan Travay (Equal Employment Opportunity Commission, EEOC) yo deklare ke pou detèmine si yon gwo difikilte egziste vre se pou yo analize plizyè faktè, ki gen ladan l:

- nati ak kou akomodasyon ki nesèsè a;
- resous finansye global etablisman k ap fè akomodasyon rezonab la; kantite moun ki anplwaye nan etablisman sa a; konsekans sou depans ak resous etablisman an;
- resous finansye global, gwosè, kantite anplwaye yo epi kalite ak kote etablisman patwon an ye (si etablisman an ki enplike nan akomodasyon rezonab la fè pati yon pi gwo antite);
- kalite fonksyonman patwon an, ki gen ladan l estrikti ak fonksyon mendèv la, distans jewografik la ak relasyon administratif oswa fiskal etablisman ki konsène a nan fè akomodasyon an pou patwon an;
- konsekans akomodasyon an sou fonksyonman etablisman an.

Lis kontwòl ki atache yo pa konstitiye yon avi jiridik. Lis kontwòl yo la pou gide patwon ak jesyonè yo nan evalyasyon demann yo ka resevwa nan men travayè yo pou akomodasyon rezonab oswa pou egzansyon de obligasyon pou yo vaksinen kont COVID-19. Yo pa ni fèt pou reprezante ni ranplase avi jiridik yon avoka lisansye.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis akomodasyon rezonab la, ou ka revize enfòmasyon [Komisyon sou Dwa Moun Vil New York \(New York City Commission on Human Rights\) la](#) ak [Komisyon pou Opòtinite Egal nan Travay lan te bay yo](#).

KONSÈVE KOPI LIS KONTWÒL KI KONPLÈ YO POU YO SÈVI KÒM DOSYE POU TOUT EGZANPSYON OSWA AKOMODASYON YO AKÒDE YO.

Akomodasyon pou Rezon Medikal

Tout dokiman medikal yo dwe soti nan men pwofesyonèl swen sante travayè a ki genyen yon lisans medikal valid. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene) la konsidere sikonstans ki anba yo kòm sikonstans ki merite yon egzansyon medikal pou vaksinasyon:

1. Yo ka akòde yon Egzanpsyon Medikal **Pèmanan** si:

- Travayè a te gen yon reyaksyon alèjik ki grav (pa egzansyon, anafilaksi oswa anjyodèm) apre yon dòz li te pran avansa oswa li te gen reyaksyon alèjik grav ak yon konpozan touletwa vaksen kont COVID-19 ki apwouve yo
- Travayè a gen yon alèji ki koni e ki dyagnostike ak yon konpozan touletwa vaksen kont COVID-19 ki apwouve yo

2. Yo ka akòde yon Egzanpsyon Medikal **Tanporè** si:

- Travayè a te prezante dokiman medikal ki montre li nan entèval 90 jou yon tretman antikò monoklonal oswa plasma konvalesan COVID-19.
- Travayè a te prezante dokiman medikal ki montre li te sibi pa gen lontan, yon grèf nan selil souch, yon terapi selil T ak CAR oswa lòt terapi oswa tretman ki kapab entèfere tanporèman avèk kapasite travayè a pou l reyaji yon fason apwopriye parapò ak vaksinasyon an oswa devlope yon repons iminitè akòz tretman an.
- Travayè a genyen perikadit oswa myokadit

Y ap detèmine dire yon egzansyon medikal tanporè selon chak ka endividyèl apre egzamen dokiman medikal yo. Yo pral egziye yon anplwaye pou l vaksinen nan fen peryòd tanporè a.

Si gen yon tchèk nanyoun nan kaz ki nan nimewo 1 oswa 2 ki anlè yo, travayè a ka resevwa yon akomodasyon eli ka pa vaksinen.

Akomodasyon

- Tès PCR chak semèn pou COVID-19 epi Mete mask tout tan lè li p ap manje oswa bwè. Depi l ap manje oswa bwè, se pou l fè sa a yon distans de omwen sis pye (2 mètr) ak lòt moun.
- Teletravay oswa travay adistans ki pa ekspozè lòt moun ak travayè y ap akomode a.
- Konje Otorize
- Lòt _____
- Yo pa akòde okenn akomodasyon paske travayè ki pa vaksinen an gen chans pou l poze yon menas dirèk pou tèt li oswa pou lòt moun.
- Yo pa akòde okenn akomodasyon paske akomodasyon an prezante yon gwo chay pou patwon an

Non Travayè a: _____ Dat: _____

Akomodasyon Tanporè a Ap Fini nan Dat: _____

Reprezantan Patwon an: _____ Tit: _____

Akomodasyon pou Rezon Relijye

1. Èske demann lan baze sèlman sou preferans pèsònèl, politik oswa filozofik?

- Gouvènman an pa dwe fòse moun pou yo pran vaksen oswa entèfere ak desizyon medikal yo
- Vaksen sa a pa san danje oswa li pa efikas
- COVID se yon blòf
- Lòt ekspresyon yon konviksyon pèsònèl, politik oswa filozofik _____

Si youn nan eleman ki anlè yo se sèl baz pou demann pou akomodasyon an, Travayè a pa kalifye pou yon akomodasyon relijye.

2. Èske demann lan fonde sou yon kwayans relijye, moral oswa etik ki sensè?

- Travayè a te eksplike/jistifye avèk dokiman pou l demontre jan kwayans lan egzije pou l pa vaksinen
 - > Pa egzanp, si travayè a di l ap pratike yon relijyon patikilye sa a sèlman pa yon jistikasyon ki sifizan
 - > Yon lèt ki soti nan men yon klèje pa obligatwa, men li ka ede e li konvenkan lè manm klèje a se yon moun ki gen yon relasyon pèsònèl avèk anplwaye a; Lèt estanda oswa lèt yon manm klèje ki soti nan yon lòt vil ekri e ki pa konn travayè a jeneralman pa ede ni konvenkan.
- Travayè a pa t pran okenn lòt kalite vaksen avansa.
 - >Si travayè a te resevwa lòt vaksen, li dwe eksplike poukisa vaksen sa yo pa t ale alankont relijyon li.
- Travayè a di kwayans relijye li anpeche li kite kèk sibstans rantrè nan kò li —
 - >Si wi, travayè a sipoze bay yon lis/dekri lòt medikaman, manje/bwason, oswa lòt sibstans komen li pa kite rantrè nan kò l.

Travayè a di li pa kapab pran vaksen an paske yo te devlope l ak/oswa teste l apati selil yon fetis, sa ki se yon enkyetid pou travayè a paske li panse selil fetis la yo ka se rezilta yon avòtman —

>Èske travayè a pran medikaman tankou ibipwofèn (Advil), asetaminofèn (Tylenol), oswa nenpòt lòt medikaman ki devlope oswa teste menm jan an apati liy derive selil yon fetis? Yon konpòtman konsa pa konsistan avèk kwayans relijye sa a e jeneralman sa vle di ke travayè a ap jwenn refi pou yon akomodasyon.

Si youn nan kaz anlè yo tcheke, Travayè a kapab kalifye pou yon akomodasyon relijye.

Akomodasyon

- Tès PCR chak semèn pou COVID-19 epi Mete mask tout tan lè li p ap manje oswa bwè. Depi l ap manje oswa bwè, se pou l fè sa a yon distans de omwen sis pye (2 mè) ak lòt moun.
- Teletravay oswa travay adistans ki pa ekspozè lòt moun ak travayè y ap akomode a.
- Konje Otorize
- Lòt _____
- Yo pa akòde okenn akomodasyon paske travayè ki pa vaksinen an gen chans pou l poze yon menas dirèk pou tèt li oswa pou lòt moun.
- Yo pa akòde okenn akomodasyon paske akomodasyon an prezante yon gwo chay pou patwon an

Non Travayè a: _____ Dat: _____

Reprezantan Patwon an: _____ Tit: _____